



COVID-19

PREVANSYON JENERAL

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov • tinyurl.com/FLcdcprevention

Pou pwoteje tèt ou kont tout maladi atrapan, itilize prekosyon sa yo.



Rete lakay ou lè ou malad



Evite pran kontak avèk moun ki malad



Dòmi sifizaman epi manje repa ki byen balanse



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo – pandan 20 segonn oswa pi lontan



Seche men ou avèk yon sèvyèt pwòp oswa kite men ou seche nan lè



Evite manyen zye ou, nen, oswa bouch ou avèk men ki pa lave oswa apre ou fin touche sifas



Kouvri bouch ou avèk yon klinèks oubyen manch rad ou lè ou ap touse oswa etènye



Netwaye ak dezenfekte sifas “anpil moun manyen” souvan yo



Rele anvan ou ale kay doktè ou

Netwaye tout sifas “anpil moun manyen” yo chak jou.

Sifas anpil moun manyen souvan yo gen ladan kontwa, anlè tab, manch pòt, akseswa nan twalèt yo, twalèt, telefòn, klavye, tab yo ak tab bò kabann yo. Epitou, netwaye tout sifas ki ka gen sou yo san, pou pou oswa likid kò. Sèvi ak yon spre oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay dapre machaswiv ki sou etikèt la. Etikèt yo gen machaswiv sou yo pou itilize pwodui netwayaj la yon fason efikas ak san danje, ansanm ak prekosyon ou dwe pran lè ou ap mete pwodui a, tankou mete gan epi asire ou gen bon sikilasyon lè pandan itilizasyon pwodui a.